

# PUSAKA KUDJANG



Ti

Tedy-80

# GUNUNG WAJANG 7

J-Ki MASRAM




MASPER

WYVING

EMMING

II



KNDWING

OSWING



PERPUSTAKAANA

# KUDJANG

TI GUNUNG

WAJANG

KA 7

PERPUSTAKAAN  
"ANEKA-E"  
JL. TITIMPLIK No. 24  
BANDUNG

KARANGAN

★ KI MASRAM ★

PERPUSTAKAAN  
"ANEKA-E"  
JL. TITIMPLIK No. 24  
BANDUNG

terbitkeun ku Penerbit

★ BAHAGIA ★

BANDUNG

1970



Gambar kulit dilukis ku — .TEDDY. S

★★★★★

★ Pangaosna: Rp .70 . — ★

★★★★★

Surat izin No . Pol. 252 — I/NBT/BIN/70  
KOMDAK VIII Djabar "Langlang Buana"  
Telah diperiksa dan disetudjui untuk diedarkan.



## BAGIAN XIX

Santana mah teu boga tjuriga atawa sangkaan goreng kanu njambatna teh, kusabab kitu manehna djol daek wae di titah sare di imah Barada teh, ari Barada puguh atoh, da niatna oge rek djahat, amis bu di alus semu ngan ukur keur modal wungkul, siga nu enja rek nulung padahal mah rek ngarampas milik Santana njaeta rek ngarebut Kudjang Santana nu di sangkana Pusaka Padjadjaran.

Ku panggihna djeung Santana teh pikeun Barada mah mangrupa hidji kauntungan nu katjida gedena, bet asa karagrangan bulan, taun<sup>2</sup> miharep Pusaka Kudjang Padjadjaran, nepi ka niat rek indit ka gunung Wajang pikeun narohkeun njawa keur Kudjang Pusaka Padjadjaran, nu sedjen mah geus loba nu korban djeung ratusan djelema deui nu balik lengoh ari ajeuna manehna kedatangan pisan ku Santana geura saha nu teu atoh?

Ngan wae niat goreng Barada teh dihalangan atawa teu di satudjuan ku Lesmanawati, anakna eukeur mah tibareto oge Lesmanawati mah teu niat teu mikahajang kana Pusaka Padjadjaran teh njaeta tjenah sieun kana akibatna sieun ahirna loba musuh joba lawan.



Ari pek bapana rek njieun tjurang ka Santana, puguh Lesmanawati teu satudjueun, eukeur mah embung aja kaributan, katambah nempo Santana nu sa kitu kasepna, bet ngarasa teu tega djeung mang lebarkeun we tjenah? djeung hatena deuih ngadak<sup>2</sup> dja di dugdeg, tuman tampikan ka lalaki, ari nempo Santana mah, Lesmanawati djadi robah, djorodjoj aja rasa asih terus mibogoh.

Dina ngobrol oge Lesmanawati teu weleh ngeletan ka Santana, mun bongoh ti bapana, njeh imut nganteurkeun pangirut, ngelet mere pamelet atuh teu wudu Santana djadi ratug degdegan, saumurna tjan ngalaman kapintjut ku imut mo<sup>2</sup>jang tjan nga rasa ka edanan ku nu lendjang, tapi harita djadi robah rasa ti mimiti gok papanggih oge manehna udjug<sup>2</sup> ratug djadjantung nereteg angen.

Kakara harita Santana ngarasakeun resep ka awe we asal neuteup bet terus geugeut asal ngobrol dja di bogoh, nepi ka wani males imut, sering paneuteup na paudu djeung paneuteup Lesmanawati, giler panon mere isarat sedeng hate teu bisa di pungkir duanana sarua kaganggu ku rupa<sup>2</sup> lamunan, njipta<sup>2</sup> mun seug terus djadi ngahidji.

Nepi ka reup peuting Santana keur reureuh dika marna sedeng Barada ngageroan anakna nja eta rek ngabadamikeun perkara pamaksudanana niat rek nga ratjun Santana puguh Lesmanawati mani ngarandjug ngadenge pamaksudan bapana kitu teh.



Lesmanawati teu njatudjuan, malah wani nempas ngalawan ka Barada bapana, puguh Barada djadi am bekeun, pok ngomong rada kedas.

„Wati, kunaon njai teh bet ngahalangan!”

„Hawates tuda pa, pan andjeuna teh teu gaduh dosa. naha bapa teu sieun doraka upami ngabinasa djalmi nu teu tuah teu dosa?” tembal Lesmanawati bari terus ngelingan ka bapana.

„Naon doraka, saha nu njaho doraka! emh ku naon njai teh bet kumawani ngahalangan? naha kumaha pikiran njai teh? belet pisan geuning nja njai mah. jeuh apan batur mah sakitu tjapena ne—angan Pusaka Kudjang Padjadjaran teh, malah loba nu binasa leungit njawana bari teu hasil naon?”

Urang mah ajeuna teu kudu tjape neangan teu ku du narohkeun njawa, tapi djelemana datang sorangan ka urang, ieu teh kasempetan nu hade njai, ajeuna ku urang di inuman ratjun tangtu Santana bakal binasa, ari geus binasa tea apan Kudjangna teh bisa kapimilik ku urang, perk ra dosa mah tong di pikiran pokona mah urang ten kudu hasil.

Naha njai teu kabita ku eta Pusaka? jeuh eta Pusaka teh Pusaka ampuh, saha wae nu njekel eta Pusaka tangtu bakal djadi djelema sakti di pikagimir ku balarea, nja moal beda we djeung djadi radja da eta Pusaka teh sasat Pusaka nu pang ampuhna di antara Pusaka<sup>2</sup> nu sedjenna.



Kusabab kitu ieu teh kasempetan hade keur urang mah, ti baheula bapa teh hajang meunangkeun eta Pusaka, ajeuna geus aja di hareupeun urang, piraku ku urang rek di antep?" tjeuk Barada ngabudalkeun sakabeh kateungeunahan hatena djeung sakalian nem bongkeun pamadeganana, tetep manehna rek ngadja lankeun pamaksudanana, njaeta ngaratjun Santana.

Huleng Lesmanawati ngahuleng bingung, memang keur Lesmanawati mah mangrupa hidji tjobaan, mi reungeuh bapana kitu teh, njatudjuan kumaha, da pu guh djol mibeurat ka Santana ari teu njatudjuan sok sieun bentrok djeung nu djadi bapa komo ieu nu djadi bapa goreng adat, sipatna sok babarian teu ka op kahulag sok njieun tindakan kasar.

„Sok njai rek naon pangna njai ngahalangan kana maksud bapa teh? naha eta kitu njai teh neundeun hate ka Santana? teu bapa mah teu satudju mun njai rek mawa karep sorangan, pek geura ingkah ti dieu bapa teu perlu boga anak, ari anak nu teu nurut ka bapa mah" tjeuk Barada bari neuteup seukeut ka anakna.

„Bapa sanes kitu pa, bogoh teh moal djol bogoh ari nembe pendak mah, bogoh tiasa aja upami tos gaul heula, ari abdi apan tepang sareng andjeuna oge nembe ajeuna, piraku atuh pa abdi djol bogoh wae mah" tjeuk Lesmanawati mere alasan, padahal hate mah ngageremet teu panudju kanu djadi bapa.



„Naha atuh make njarek sagala!” tjeuk Barada bet angot kalah beuki ambeukeun.

„Bilih kuma onam we pa.....” tembal Lesmanawati semu nu geumpeur bingung.

„Sieun kunaon?”

„Sumuhun bilih djanten kaributan we pa, geura mangga di emut ku bapa. sakumahaeun teuing geun djleungna Rajat didieu, upami terangeun aja nu maot”, tjeuk Lesmanawati bari djung tanggah neuteup ka bapana, sakedapan mah Barada oge ngahuleng, ta piteu lila terus njentak.

„Teu purlu sieun, teu perlu hariwang, saha pidje lemaeunana nu rek wani ngalawan ka bapa, perkara eta tjenah bangkena, matak naon mun di palidkeun ka walungan, tuh badega loba keur naon gawena!”. hilik naji ulah ngahalangan!

„Bapa, tjing hawatos we atuh pa”, tjeuk Lesmanawati bari njekelan leungeun Barada, bari panon terus neuteup siga nu hajang di pikarunja.

Lesmanawati wani kitu kanu djadi bapa, dumeh wae tina ku beurat ka Santana, manehna embung nempo Santana binasa, embung kaleungitan ku lalaki nu geus maling hatena, ku eta pisan nepi ka ngarengrik sangkan bapana ulah rek tega ngabinasa Santana, tapi Barada teu bisa dilelemu, manehna djadi napsu geus teu nempo anak, Barada djadi napsu, geus teu nempo anak, Lesmanawati terus di polototan,



„Wangkelang pisan nja, awas njai ulah ngahuda-  
ngkeun amarah bapa, jeuh bapa mah moal rek nem-  
po ka anak, kadjeun teuing anak, ari wani ngalawan  
mah ku bapa di warah, njai awas bisa<sup>2</sup> nja di paeh  
an di barengkeun djeung si Santana!

„Bapa naha bapa teh bade tega ? duh bapa teu  
sangka teuing geuning bapa teh djahat ” tjeuk Les-  
manawati bari ngalesotkeun tjekelanana.

„Bangkawarah wani nja ka bapa teh ?!” tjeuk Ba-  
rada bari njurungkeun Lesmanawati, atuh puguh Les-  
manawati tidjengkang, duk neunggar kana tihang,  
teu wudu oge karasa njeri.

„Bapa sing emut pa, kunaon bapa teh ? emh bapa  
upami bapa leres bade tega mangga teh teuing abdi  
mah pasrah, sanadjan bade di binasa oge, asal kang  
Santana ulah di ganggu, margi andjeunna mah teu  
gaduh dosa nanaon pa !” tjeuk Lesmanawati

„Paduli teu gableg dosa, bapa mah rek ngabinasa  
teh njaeta, rek ngarebut eta Pusaka lain pedah ma-  
nehna boga dosa, hajoh njai rek nurut moal ka kolot  
teh ? naon salahna naon hesena, pira ge nganteur  
keun tjai ka kamar Santana, kome mun di titah mi  
gawe pagawean nu beurat, kakara di titah sakitu o-  
ge mani geus njebut embung, naon atuh tanda pa—  
mulang tarima kanu djadi kolot teh ?” tjeuk Barada  
mani ngadegdeg, leungeun pageuh njekelan perah  
bedog bet siga nu enja rek tega kanu djadi anak.



„Duh bapa sanes abdi teu tumut ka sepuh, punten wae bapa ari kedah nganteurkeun tjai ratjun mah, abdi teu sanggem!” tjeuk Lesmanawati bari siap waspada pikeun lumpat atawa ngagiwar mun bapana tega rek ngabinasa teh.

„Kadjeun teuing, da lain maneh nu ngaratjuna mah, sagala dosa<sup>2</sup> bapa tanggung djawab hajoh rek moal, awas mun teu nurut ulah sambat kaniaja paduli anak maneh tangtu di podaran!” tjeuk Barada bari ngalengkah ngadeukeutan Lesmanawati nu meped ka sisi.

„Leres pa, bapa nu dosana mah, nanging abdi teu tiasa ngantep kana pamaksudan bapa, tos djadi kawadjiban satiap djelema pikeun tulung tinulungan mun mendak nu tjilaka urang kedah nulungan, mun mendak nu di rampog atanapi nu bade di binasa urang kedah ngabela njalametkeun djiwa, ajeuna oge abdi njaksian aja nu bade di binasa, abdi wadjib nulungan ngabela.

Teu dulur teu baraja, teu sepuh teu deungeun, u. pami niat djahat wadjib di elingan, margi eta maksud teh djahat, djanten punten wae sanes abdi kumawantu ka sepuh, tobat teuing teu pisan<sup>2</sup>, abdi sanes ngalawan ka sepuh, mung ngalereskeun kalepatan kalakuan bapa, geura mangga ku bapa emutan nu langkung lantip” tjeuk Lesmanawati ahirna kapaksa kudu ngalawan kanu djadi bapa.



„Eit kurang adjar maneh Wati? leutik<sup>2</sup> geus pinter ngomong, wani ngalawan ka bapa hajang di padaran maneh teh?” tjeuk Barada bari siet ngalugas bedogna, hiuk teh di sabetkeun kana awak Lesmanawati untungna wae Lesmanawati rikat luntjat mun henteu mah pasti Lesmanawati korban.

Barada djadi lat poho di temah widi, sebrut manehna naradjang deui, bedog di heumbat di lelempeng di pake ngarah kana beuheung Lesmanawati:

Tupi bari djeung awewe oge Lesmanawati teu eleh pinter ku lajaki, bubuhan ti leuleutik njar pa ngarti ti bubudak di adjar maenpo, nja lumajan oge pangabisana mah teu bisa dianggap enteng harita oge waktu bapana naradjang teh manehna kesit ngagiwar atuh trak bedog Barada njabet tihang siet Lesmanawati undur, manehna teu wani njerang pa dahal kasempetan mah loba ma lum meureun djeung kolot euweuh pihadeunana.

Ku ajana ribut kitu teh Santana djadi ngarandjug koredjat manehna tjengkat kolotrak mukakeun pan to terus njampeurkeun ka tukang.

Barang mireungeuh Santana njampeurkeun teh Barada gantjang undur sup bedogna di asupkeun deui kana sarangkana, gek wae diuk njakitu deui Lesmanawati manehna turus diuk di djuru beh ki dul, duanana teu lemek teu njarek boh Barada boh Lesmanawati sarua era mun seug kapanggih ku Santana keur riributan teh.



Matak terus we apl<sup>2</sup>, puguh Santana datang ka di nja teh, teu ieuh boga tjuriga nanaon.

„Geuning udjang?” tjeuk Barada, ngomongna parehdeh teu siga<sup>2</sup> nu rek djahat.

„Muhun pa, nudju ngadamel naon bapa teh tjeuk Santana bari ret ngareret ka Lesmawiti nu di re ret ngalieuk njeh imut bari panon teu weleh ngelet estu matak njeblak keur Santana mah.

„Ah ngobrol we djeung wati, eta ku bapa teh nu dju dipapatahan supados ulah resep ulin! da eta wati mah sok abring<sup>2</sup>an djeung babaturanana teh” tjeuk Barada hajang di andel di pertjaja.

„Ulah resep ameng atuh njai, pamali istri mah tjeuk Santana bari imut ka Lesmanawati;

„Duka ketang kang, da abdi mah tara abring<sup>2</sup>an dasar bapa we sok kasieunan, da eta sieuneun ka bo ker rusiah” tjeuk Lesmanawati, atuh Barada mani ngarandjug ngadenge kitu teh, hate dug deg sieun anakna waktja balaka ka Santana.

„Naon njai?” tjeuk Barada morongos!

„Sumuhun bapa sok binasa ..... !

Gebeg Santana ngagebeg ngadenge kitu teh?, saeutik<sup>2</sup>, manehna djadi boga tjuriga, bener Lesmanawati teh ngomongna bari heureuj tapi ku Santana geus bisa di rasakeun ajana kateuberesan antara Lesmanawati djeung Barada bapana, ret Santana neuteup ka Barada ret deui ka Lesmanawati siga nu keur naksir eusi hatena masing<sup>2</sup>.



„Naon njai, sok heureuj ari njarita teh, kumaha mun ku si udjang di sangka enja!?” tjeuk Barada molo-  
tot ka anakna, terus ka Santana, ari Santana mah kalah seuri teu nembongkeun nu goreng, sabiasana wae siga nu teu boga tjuriga.

„Muhun bapa sok binasa ka tumbila, hehehe kang Santana kade pun bapa mah sok binasa” tjeuk Lesmanawati ongkoh heureuj tapi ka Santana mah ngeletan siga nu mere isarat, atuh Santana djadi beuki tjuriga, tapi ari paroman mah angger marahmajngan hate nu pinuh ku tanda tanja teh.

„Hahaha, tiasa we Wati mah. sakedahna nja pa, tumbila mah di paehan da bongan sok djail binasa ka manusa, hahaha teu sangka Wati tiasaan ngalu tju” tjeuk Santana milu seuri siga nu bungah.

„Manawi djang Wati mah bangor, da mani ampir<sup>2</sup> ran taak bapa mah, di papatahan mah di papatahan, eh hare<sup>2</sup> we ka bapa teh kawas ka sasama, da mani wani pisan djang” tjeuk Barada enjaan ambekna teh, tapi Lesmanawati mah kalah sura seuri siga nu nga hadjakeun ka bapana teh.

„Teu kengeng kitu atuh nji ari ka sepuh mah, pa mali tjenah upami urang teu tumut ka sepuh, komo upami wani ngalawan mah, eta teh sok matak dora ka ” tjeuk Santana ka Lesmanawati.

„Leres djang leres pisan eta teh, emh doraka ti sepuh mah aduhhh abot djang ” tjeuk Barada bari djung tjengkat nangtung.



„Sanes pa, nembe teh mani reuwas, nguping aja nu ngabeletrak, naon nja?” tjeuk Santana.

„Ah eta utjing, da bieu di heureujan wae ku si njai djadi we utjingna ngamuk” tembal Barada.

„Biasana kang didieu mah aja utjing garong, teu paja aja beurit, wah djahat pisan kang., tjeuk Les manawati, sanadjan teu boga niat rek njindiran oge tapi ku Barada mah katarimana teu ngeunah.

„Geura beberes kadituh nji”, tjeuk Barada, niat na mah sangkan Lesmanawati indit, tapi Lesmana wati teu daek ingkah, kalah pok na teh.

„Nembe teh tos beres ku bi Rumi!

„Geura katjai atuh da ieu teh geus burit” tjeuk Barada deui, hatena mah geus ngageremet da lamun euweuh Santana boa terus ambek deui.

„Apan tadi atos ibak mah pa, bapa nu teu atjan mah, katingalna oge sibuk wae bapa mah tembal Les manawati bet terus malikeun puguh Barada beuki ngageremet tetela anakna teh ngalawan djadi sanadjan di omongan oge moal daekeun nurut ari lain ku djalan kasar mah ahirna Barada djadi napsu ka pegung leos wae kahareup ningalkeun anakna Santana oge milu kahareup deui.

„Bilih bade leleson mah mangga we ulah ngaraos ka ganggu da tos biasa wati mah kitu adatna teh djang” Barada ka Santana.

„Henteu pa henteu kaganggu sawalerna abdi mu gi bapa kersa ngama'lum didieu oge abdi teh.



Mung ngadon ngarerepot wungkul, nja mondokna nja tuangeunana, kitu deui dina tata kasopanan, pun ten wae bilih ngagangu ka bapa, malum abdi we-  
dalan ti kampung teu aja katiasa " tjeuk Santana bari neuteup ka pribumi.

„Teu sawios<sup>2</sup> djang leresan eta mah ulah djanten teuing emutan, bapa ihlas rido teu aja hate goreng, da tos sakedahna deuih ari sareng sasama mah ke dah nulung tinulungan, silih bantu silih elingan. ku margi kitu udjang ulah seueur emutan raos<sup>2</sup> we didieu boh kirang itu ieuna njarios wae ka bapa ulah isin<sup>2</sup>” tjeuk Barada darehdeh.

„Hatur nuhun pa, sagala rupa ka saean bapa ku abdi teh katampi pisan mugi Pangeran Anu Kawasa ngabales ku kamuljaan ka salira bapa”.

„Sami<sup>2</sup> djang emh. teu atjan ngaleueut panginten nja udjang teh? ke antos sakedap engke ku si njai disanggakeun kadieu” tjeuk Barada.

„Sawios pa tadi oge parantos tjekap pa”

„Ngahadja puguh si njai teh naheur tjai kanggo udjang hehehe” tjeuk Barada deui.

„Ngarepotkeun pisan,” tjeuk Santana. nu sadjero ning hatena mah manehna teh geus neundeun katju rigaan ka Barada.

„Ah henteu teu ngarepotkeun henteu. da sakedah na we atuh djang tamu mah kedah dihormat peu-  
peuriheun tuangeun nu sae teu aja atuh tjai<sup>2</sup>” tjeuk Barada pinter ngomongna teh, teu siga rek djahat.



Geus kitu mah Barada ngaleos deui katukang se—  
deng Santana terus asup ka kamarna, gek manehna  
diuk dina korsi urutna tadi pikir muter mikaran  
omongan<sup>2</sup> Lesmanawati nu netelakeun jen Barada  
teh rek njieun djahat ka manehna, didieu Santana bi  
ngung keneh. aja pertjaja aja henteu, mun Barada  
ngabogaan niat teu hade teh dumeuh wae nilik tina  
tingkah laku Barada nu sakitu alusna.

„Aneh naha naon atuh maksud omongan Lesmana  
wati teh ? naha enja heureuj ? tapi piraku ngitjeup  
pan wae. tetela Lesmanawati teh mere isarat sang  
kan aing ati<sup>2</sup>, sabab bakal aja bahaja taip timana da  
tangna eta bahaja teh, naha ti Bapana Lesmanawati  
atawa di djelema luar ? teu kaharti ” kitu tjeuk pikir  
Santana manehna masih keneh tjangtjaja tur pikirna  
masih keneh polos malum ngumbara kakara sataun  
djadi tjan meunang loba pangalaman.

—O★O—



Demi harita Lesmanawati tjan ingkah tina tempat na manehna masih keneh diuk dina korsi urutna tadi bari ngahuleng semu nu bingung.

Memang Lesmanawati teh keur di rungrum ku ka bingung di rangsang ku kasusah nu lain lumajan, bingung dina njokot kaputusan naha nurut ka kolot naha nulungan nu djadi panutan, duanana sarua di pikabeurat sanadjan bener kolot salah tapi kangaranan kolot teu pihadeeun di lawan ari rek ngabeja Santana sarua bingung kumaha mun bapa njieun ka kasaran ? kumaha mun bapa na nepi ka nekad nga jakeun hukuman nu beurat duanana taja mendingna kitu tjeuk Lesmanawati.

Lila manehna ngalamun, bari pikir muter neangan djalan atawa piakaleun nu baris bisa ngabereskeun kana eta perkara, da ari kahajangna mah djelas sa lamet. Santana salamet njakitu deui manehna djeung bapana salamet taja kutjiwana, koredjat manehna tjengkat djung nangtung kolojong kaluar maksudna rek ka kebon niiskeun pikir tapi kakara oge nepi kana panto dapur gero bapana ngageroan ti djero.

„Njai rek kamana ? kadieu nja!”



Reg Lemanawati, ret ngalieuk, tadina mah moal rek njampeurkeun tapi ari di pikir deui sieuneun matak ambek, da tadi oge sakitu napsuna komo mun teu njampeurkeun nambah<sup>2</sup> ka anu djadi bapa, ah kari kumaha engke tjeuk pikir Lesmanawati bari terus njampeurkeun.

„Rek kamana bieu teh?” tjeuk Barada nanja deui bari angger nembongkeun ka ambek.

„Bade ka kebon!” tembal Lesmanawati pondok.

„Rek naon ka kebon?”

„Bade nlis!”

„Teu meunang, ajeuna mah teu meunang ulin teu meunang mawa wae karep sorangan, saatjana eta Pusaka nu di bawa ku Santana ka pimilik ku bapa! kapaksa maneh kudu di gawe kudu ngabantu ka bapa, lamun rek ngabantah awas, naha teu sieun? tadi oge mun teu kahalangan ku Santana mah maneh teh boa hirup keneh! hartikeun jeuh kolot ngomong teh ulah di api lainkeun da kolot teh lain rek njingsieunan tapi saenjana pisan.

„Hajoh djawab rek nurut moal maneh teh? rek daek moal di titah di parentah ku bapa teh. tjeuk Barada ngantjam ka anakna.

Di kitukeun mah Lesmanawati teu bisa ngadjawab manehna ngaheruk sarwa bingung kitu kieu tibatan nembalan kalah ngaragragkeun tjipanon! ari hate mah puguh ngagedur napsu tina ku teu panudju.



Barada djadi teu sabar, komo nempo Lesmana wati ngadon tjeurik mah, atuh pok deui nanja bari dibarengan ku porongos djeung popolotot.

„Kumaha ieu teh rek nurut moal?”

„Sumuhun kedah kumaha atuh abdi teh pa?” tem bal Lesmanawati siga nu beurat pisan.

„Teu hese pira ge nurut ngagugu ka bapa pangan teurkeun tjai ka Santana, geus kitu mah geus we ba pa ge moal rek nitah deui, keun nu mitjeun bang kena mah para badoga tah kitu kumaha daek hen teu?” tjeuk Barada teu sabar.

„Kumaha pa upami kang Santana terangeun kana maksud urang?” tjeuk Lesmanawati.

„Moal oge njahoeun mun teu di bedjaan ku maneh mah matak mun nepi ka botjor teh geus pasti maneh nu djadi panjakitna awas ulah rek njoba<sup>1</sup> njilakakeun bapa” tjeuk Barada deui bari terus njo kot tjangkir tjur dipinuhan ku tjai kopi geus kitu eta tjai teh dipurulukan puder njeta ratjun tea terus di kotjek nepika antjur.

„Tah ieu nji djig bikeun ka Santana tah bakian sa kalian djeung kueh opieunana.

Lesmanawati geus teu bisa kumaha kapaksa manehna nurut kana parentah nu djadi bapa, kueh djeung tjangkir tjikopi sok dikana bakikeun rege-  
jeng ku manehna di bawa kahareup rek dibikeun ka Santana atuh nempo kitu mah Barada njerengeh seu ri gumbira.



Dumah wae hatena geus yakin jen pamaksudanana teh bakal kalaksana, sabalikna Lesmanawati sadjero ning leumpang kahareup bari nanggeuj baki teh, hatena ratug teu puguh, rupa<sup>2</sup> pikiran pagalo djadi nga hidji, aja ambek aja teu tega, djorodjoj aja niat rek ngaganti eta tjai ku tjai nu biasa reg heula nga randeg tapi keur kitu kurunjung bapana njampeur keun bari ngomong bari ngantjam.

„Kunaon njai make eureun? awas we mun njoba<sup>2</sup> ngagagalkeun kana pamaksudan bapa, maneh bakal di siksa satengah paeh!”

„Mo . . moal pa” tembal Lesmanawati.

„Naha atuh bet eureun? lain terus kebat kaditu, di lilakeun mah tjaina kaburu tils geus tiis mah bari teu diinum ku manehna, sok buru<sup>2</sup> nu baleg nga djalankeun parentah nu djadi bapa teh, djeung awas ulah rek loba omong djeung Santana nja?” tjeuk Barada bari neuteup ka Lesmanawati.

„Bapa . . kumaha upami ..... ” tjeuk Lesmanawati semu nu geumpeur djeung sieun,

„Geus ulah loba omong, naha kumaha ieu teh? rek ngagugu atawa moal?”

„Bade pa” tembal Lesmanawati.

„Naha atuh ngadjentul wae didieu, lain geura an teurkeun tah tjai teh ambeh buru<sup>2</sup> beres!” tjeuk Barada siga nu geus teu sabareun pisan.

„Mangga pa ieu oge bade” tjeuk Lesmanawati bari kolojong deui kahareup.



Barang geus datang ka kamar Santana reg, Lesmanawati ngarandeg, sakedapan ngadjanteng hareu peun panto, rek asup teh kawas nu asa<sup>2</sup>, ngan wae Santana seukeut pangdengena, koredjat tjengkat ba rang ngadenge aja nu leumpang teh, braj panto di buka, gebeg teh mani ngagebeg.

„Geuning njai” tjeuk Santana.

„Sumuhun kang, ieu njanggakeun tjai” tembal Lesmanawati semu geumpeur.

„Sawios atuh nji ulah ngarepotkeun teuing, nem be teh tos sagelas” tjeuk Santana bari neuteup,

„Ah henteu kang” tjeuk Lesmanawati bari sup ka kamar sok tjai djeung kueh teh di tunda dina me dja, gek Lesmanawati diuk Santana oge diuk dina ba le bari panon teu walah neuteup kanu lendjang, djep sakedapan mah duanana djarempe.

Sadjeroning hate Lesmanawati harita teh kantjeuh ku rupa<sup>2</sup> pikiran, pang<sup>2</sup>na mah ngeunaan ratjun nu aja dina tjai kopi hantjengan Santana sanadjan kuma ha oge manehna tetep teu tega ret Lesmanawati ngareret ka Santana nu direret malik neuteup atuh treup dua teuteup paadu.

Njeh duanana imut tapi tjan aja nu bisa ngomong rek sa pok<sup>2</sup>eun oge tikoro asa njelek aja nu ngaha langan sabalikna Santana manehna mah lain teu ha jang ngobrol ngan asa<sup>2</sup> rek ngomong ma lum nu keur kapentang ku panah Asmara kahajang gede kaera oge tjukup lumajan



Kitu deui Lesmanawati sarua erana, nepi ka rek nga bedjaan ratjun oge hese rek pokna, teuing kumaha biwirna mani rapet kawas nu di kaput sedeng ha te beuki dag dig dug atuh ahirna Lesmanawati tjeng kat tina diukna maksudna rek kaluar deui, ret heula ka Santana, njeh emut ngagelenju puguh Santana mani njeblak dag dig dug.

„Njai bade kamana deui njai teh? tjalik heula atuh, urang ngobrol geura” tjeuk Santana mani nge leper djeung siga nu seuseut ngomong sakitu ge.

„Bade ka pawon kang, itu emh seueur pidame leun” tembal Lesmanawati katara geumpeurna teh nja rek teu kitu kumaha da hatena teu weleh ratug mang hariwangkeun kana kasalametan Santana, ari manehna rek ngabedjakeun jen dina tjai teh aja ratjunan bet asa?, sabab sieun kunu bjadi bapa, nu harita tetela aja di luar keur ngintip ngadengekeun.

„Getol geuning nja, tos wengi masih keneh nga damel di pawon” tjeuk Santana mudji, padahal hate mah teg boga tjuriga ka Lesmanawati djeung ka Barada teh komo ngingetkeun waktu tadi antara Lesmanawati djeung Barada silih tjental silih here ngan.

„Ah da tos biasa kang . . punten wae kang sanes abdi nampik pangasih sanes abdi teu kersa di ang ken ku engkang, keun engke sanes waktos urang ngobrol mah” tjeuk Lesmanawati bari mukakeun panto, njeh emut panon mah teu weleh ngelet djeung hate telep ratug hariwang.



„Sae kitu njai sakedahna istri mah singer kana damel” tjeuk Santana teu bisa deui loba tjarita.

„Emh engkang?” tjeuk Lesmanawati bari neutaup ka Santana, hatena niat rek ngabedjaan, ngan wae teu waci terang<sup>an</sup> sabab sieun ku bapa.

„Aja naon njai?” tjeuk Santana.

„Ieu kang sing atos<sup>2</sup> we salira teh! da didieu mah seueur djalmi djahat kang”.

„Kutan daerah didieu mah teu aman?” tjeuk Santana ngarandjug ngadenge bedja kitu teh, hate beu ki tjuriga ret neutaup ka Lesmanawati mani anteb.

„Sumuhun kang langung<sup>2</sup> ka djalmi anjar, kitu deui ka tamu, sok ngarampas harta banda, upami teu harta banda sok ngala djiwa, djanten muging engkang sing atos<sup>2</sup> muging ati<sup>2</sup> dina sagala rupi padamelan, bade ngalengkah oge saena mah sing atos<sup>2</sup>” tjeuk Lesmanawati bari ngalieukan ka luar.

„Nuhun njai engkang tos di wartosan”.

„Sami<sup>2</sup> mangga atuh kang” tjeuk Lesmanawati bari terus ka luar deui, ari Santana bet kalah ngahuleng mikiran omongan Lesmanawati.

Gek deui Santana diuk njinghareupan medja, hate djadi teu genah rasa, ras inget kana sipat<sup>2</sup> Barada nu sakitu someahna ras deui inget waktu tadi Lesmanawati patjental tjental djeung Barada tetela tjeuk pikirna antara anak djeung bapa teh keur pabentar paham, sa henteu<sup>2</sup>na oge aja kateu beneran



„Emh Lesmanawati! andjeun bieu geus ngelingan ka engkang sangkan engkang ati<sup>2</sup> dina tingkah laku naha da engkang mah teu gaul djeung djelema nu se djen ongkoh deui euweuh nu wawuh ari lain njai djeung ka bapa njai mah piraku deui djelema se djen djol niat djahat ka engkang? asa mustahil ari lain bangsat mah atawa rampog mah.

Naha Lesmanawati make ngelingan kitu? tetela mun ngingetkeun kadinja mah bahaja teh ajana lain di luar tapi di djero ieu imah na saha atuh nu rek binasa ka aing teh? naha kitu bapana Lesmanawati ah piraku deui nepi ka ngabogaan niat kitu mah apan ka aing teh sakitu belana sakitu someahna emh bener heran teu ngarti keur diri aing mah” kitu tjeuk gerentes hate Santana nu keur di ganggu laka ku rupa<sup>2</sup> pikiran.

„Saha nu njaho da djelema mah taja nu sarua. aja luarna alus hatena mah goreng, djadi dina ieu perkara mah aing teh enja<sup>2</sup> kudu waspada kasaha oge aing kudu boga tjuriga, sabab saha nu njaho Ba rada teh mikahajang kana Kudjang aing? emh bener aing teh kudu ati<sup>2</sup> da lamun teu ati<sup>2</sup> bisa<sup>2</sup> aing tji laka aja nu ngabinasa.

Lesmanawati . . . tetela cipat<sup>2</sup> njai teh nembong keun rasa asih ka diri engkang moal sapat<sup>2</sup> njai ngomong kitu mun euweuh pi bihajeun djeu ng lamun njai teu njaah ka engkang, emh Lesmana wati nuhun geulis . . . nuhun.



Lila Santana ngahuleng njinghareupan opieun ko redjat tjengkat, sanadjan hate boga tjuriga ka Barada, tapi ari kana tjai mah teu boga sangkaan nanaon, kop tjangkir teh di tjokot leguk<sup>2</sup> Santana nginum semu nu nikmat nakeran, da eta we tjai satjangkir gede teh meh tinggal saparapatna.

Na atuh teu lila ti saentasna nginum eta tjai, leng<sup>2</sup> Santana ngarasa lieur kawas nu keur katerap ku panjakit djangar, ruj rej teu ngarareunah tetendjoan ting sariak, Bumi Alam asa muter, ieu teh pertanda ratjun mimiti digawe ngaruksak sadjeroeun beuteung Santana:

Terr biwir ngeleper katempona djadi geuneuk semu hedjo djung tjengkat daligdeug bru kana dipan terus adug songkol ngarasakeun kanjeri sedeng Barada mani marahmaj njaho Santana keur adug songkol teh saballkna Lesmanawati manehna mah ngadegdeg teu puguh rasa hatena mah geus teg njangka jen Santana teh bakal binasa.

„Aduhhh . . na kunaon aing teh djol djadi sarupa kieu? emh paingan tjeuk Lesmanawati aing ku du ati<sup>2</sup> emh teu salah ieu teh pagawean Barada djelas anakna mah teu pipilueuu malah sigana nga halangan matak tadi kungsi pa tjental<sup>2</sup> oge emh Barada teu sangka teuing andjeun teh binasa!” tjeuk gerentes Santana bari blak nangkarak bluk malik nangkuban kawas nu keur sakarat rek ngaleupas keun njawa.



„Aduh ..... moal salah aing teh di ratjun, duh bapa, pa Barada ieu abdi tulungan, njai njai Lesmanawati ieu engkang tulungan njai” tjeuk Santana ge geroan ka Lesmanawati djeung ka Barada.

Ngadenge kitu teh Lesmanawati ngoredjat rek njam peurkeun ka Santana tapi kakara oge rek ngalengkah leungeuna di tewak ku Barada.

„Tjitjing njai rek kamana, keun antep teu perlu di sampeurkeun” tjeuk Barada njarek.

„Hawatos pa bilih kuma onam naha bapa, bade te ga njaksianana? naha teu hawatos ngupingkeunana?” tjeuk Lesmanawati djadi napsu.

„Memang matak dibere nginum ratjun oge di hadja supaja modar, tjitjing njai tong njampeurkeun!” tjeuk Barada njeke'an leungeun anakna.

„Bapa” tjeuk Lesmanawati bari neredjel niatna rek ngalesotkeun leungeun bapana, tapi Barada teu ngalesotkeun tjekelanana, kalah sabalikna djadjam bek da teu antaparah deui hiuk dampal leungeuna diheumbat, gampleng dipake nampiling pipi Lesmanawati, atuh puguh Lesmanawati mani ngabangki eung, pipina ngageleeng beureum tapak ramo.

„Enjaan nja bapa mah djahatna teh emh bapa sing emut kana akibatna pa” tjeuk Lesmanawati bari undur ngadjauhan Barada.

„Gandeng siah! hajang di tjabok deui?!” tjeuk Barada molotot, leungeun diangkat dipake njingsieuuan Lesmanawati nu djadi anakna.



„Teu sangka geuning bapa teh djalmi djahat, paing an atuh seueur djago<sup>2</sup> nu kadieu”.

„Djempe Wati, hajoh kadjero siah!” tjeuk Barada bari kerewek newak leungeun Lesmanawati, terus dibawa di asupkeun ka kamar, djebrod pantona di selotkeun ti luar atuh Lesmanawati teu bisa bidjil segruk wae manehna tjeurik kanjenjerian.

Sedeng Santana harita teh keur meudjéuhna ripuh eun pisan njeri peurih geus teu puguh rasakeunneunana, nepi ka adug songkol djudjuralitan.

„Bapa . . bapa Barada ieu abdi tulungan pa, duhh Lesmanawati engkang teh tjilaka njai” tjeuk Santana sakali deui manehna gegeroan, tapi tetela Barada teu mirosea, atuh Santana djadi gede sangkaan jeun Barada teh djahat ka dirina.

„Aduhhh teu sangka teuing aing teh di olo dihormati<sup>2</sup> teh rek binasa, kanjahoan ajeuna mah kumaha sipat<sup>2</sup>na Barada teh, moal salah manehna teh mika hajang kana Pusaka aing, da lamun teu mikahajang Pusaka Kudjang mah manehna moal rek ngabinasa kieu, emh enjaan aing teh bodo keneh, aing gantjang ka olo gantjang katipu aduhhh ibu . . bapa abdi tulungan.

Emh teu sangka diri aing teh kudu ngalaman sarupa kieu, duh boa ajeuna meureun aing paeh teh aduhh tobaattt . . duh Gusti mugi Gusti nangtanjung ka diri abdi mugi abdi di salametkeun tina ieu bahaja”.



Kitu tjeuk gerentes hate Santana, nu harita terus abrag<sup>2</sup>an, da eta we dipan tempat sarena oge meh antjur rubuh, koredjat manehna hudang terus muru kana panto, niatna mah rek ka luar tapi tetela panto teh pageuh teu daek muka horeng ku Barada di kontji ti luar.

Gubrag Santana ti beubeut, uteuk lieur tetendjoan beuki teu puguh sakitu oge untung Santana masih keneh kuat nahan ratjun, da lamun djelema biasa mah tadi oge geus djadi korban.

..Aduhh tega pisan nja andika teh Barada kaniaja ka kula nu teu tuah teu dosa, eta kitu andika teh pe dah mikah jang kana ieu Pusaka emh mun bener oge kitu andika teu perlu njieun tjurang kieu, terang<sup>2</sup> an we penta kumaha wae tjarana sipat hidji lalaki.

Duhh Lesmanawati naha njai teh pipiqueun kana ieu perkara? naha njai milu ngarentjanakeun rek bi nasa ka engkang? tapi . . . engkang pertjaja njai mo al tega njieun kieu peta da ku engkang oge geus ka njahoan waktu njai pasea djeung bapa njai, apan njai teh nu sakitu belana ka engkang njai teh nu sakitu ngabantahna ka bapa njai, djadi engkang oge njaho jen njai mah beurat ka engkang, tapi njai teu bisa nu jungan, sabab ku engkang oge ka ma'lum njai teh teu wani ngalawan kanu djadi bapa.



Emh njai, omongan njai teh bener pisan malah tadi tadi teh ku engkang di timbang<sup>2</sup> dumeuh bae enkang tjan ngarti kana bahaja nu di maksudkeun ku njai, panjana teh bahaja nu ti luar we ti djelema djahat rupaning bangsat atawa rampog, ari pek kieu kabuktianana teu sangka bapa njai sorangan nu binasa ka engkang teh.

Njai Lesmanawati ajeuna engkang geus keuna ku ratjun naon, atuh pi ubareunana piraku engkang ku du nemahan piti ku djalan kieu, naha njai moal nje ri duh njai Lesmanawati doa keun engkang nja doa keun sing salamet sing aja dina panangtajungan Pangeran nu Maha Murah.

Bari djeung djudjuralitan oge Santana teu weleh sasambat kanu Kawasa, nunuhun ka Jang Agung neda<sup>2</sup> ka salametan di djauhkeun tina balai, salamet teu keuna ku bahaja.

Pangeran ngaidjabah kana sagala rupa panedja Santana, harita keneh dak dumadakan Santana inget kana batu Mustika beunang ti guha tea (aos deui djilid ka genepna).

Atuh geus teu loba pikir deui Santana terus nga rajap djung nangtung muntang kana tihang golokgok manehna utah ngutahkeun getih hideung mani la lambaran, golokgok deui golokgok deui, kawas nu keur njeri beuteung murel, atuh puguh tilu kali utah oge Santana mani geus sepa pias.



Tapi Santana maksakeun maneh ngarongkong kana buntelanana nu digantungkeun dina galar, gantjang batu Mustika teh di tjokot, atuh braj didjero kamar teh djadi beuki tjaang ku tjahaja eta batu, ngan untung ku Barada teu kanjahoran, da Barada teh keur aja ditukang.

„Emh ejang ieu abdi njuhunkeun pitulung, ejang hususna ka Gusti Nu Maha Sutji djembarna ka ejang abdi njuhunkeun pitulung ieu batu ku abdi bade di tjobi . . hekk aduhhh golokgok deui Santana ngutahkeun getih.

Cek Santana diuk, kop tjankir nu di eusi tjai ku tjikopi sesa teh ditjokot, eusina di pitjeun daganti ku tjai kendi geus kitu sup batu Mustika teh di asupkeun kana tjankir tea, samemeh di inum Santana matja heula Bismillah leguk tjai teh diinum di beakeun ari batuna terus di tjokot deui diteundeun dina tempat urutna tadi.

Ku pitulungan Pangeran Nu Maha Welas tur Maha Asih, Santana eureun utahna ngan wae djeroeun beuteung karasa murel, da mani murilit djennng njeri deuih karasana oge horeng teh tjai batu Mustika mimiti digawe ngabasmu ratjun nu rek ngabinasa keun Santana, mun nudisuntik mah moal beda ti keur ngarasakeun makana obat dina ngusir maehan bibit<sup>2</sup> panjakit, da harita oge Santana teh mani ti pepereket nahan kanjeri.



Aja meureun kana saparapat djam mah, Santana, teu usik teu malik, manehna ngalempreh ngararasa keun parobahan awakna, plong karasa asa ngem-plong, kanjeri djeung kapeurih didjero beuteung teh ngaleungit, geus kitu mah koredjat manelina tjengkat, tapi kakara ge nangtung, golokgok teh utah deui ajeuna mah leuwih loba batan tadi horeng teh kabeh kokotor djeung ratjun milu ka utahkeun, barang eureun utah beuteung mani asa kempleng tapi tetela geus teu ngahariwangkeun ngan tinggal se bel djeung leuleusna wungkul.

„Allhamdulillah nuhun Gusti” tjeuk Santana mudji sjukur ku Jang Agung, tina ku geus salamet le sot tina bahaya antjaman djiwa.

Lila Santana ngahulen mikir<sup>2</sup> pipetaeun ari kaam, bek mah puguh geus neredjel hajang geura adu ha reupan djeung Barada, pikeun mulangkeun sagala ka teungeunhna, tapi manehna teu wani sologoto sabab njaho jen Barada teh lain djelema djore<sup>2</sup> tur loba anak buahna, djadi kudu pelit tur ati<sup>2</sup> dina rek nga lawanannana.

„Emh Barada, andika ulah rek ngeunah<sup>2</sup> sabab niat andika teh teu laksana, andika teu bisa ngabinasa kula, sabalikna ajeuna mah andika nu kudu waspada ati<sup>2</sup> sabab kula moal tjitjingeun kula rek ngajakeun balitungan kadjeun teuing andika djago, kula moal rek sieuneun moal rek kumeok samemeh di patjok.



Kapaksa kula njieun bajitangan, bongan andika nu binasa, bener andika teh geus njieun kahadean, geus daek ngarawatan ngampihan kula, ku kula oge ditarimakeun pisan, tapi ari dina perkara djiwa mah kula teu bisa tjitjingeun, andika teh teu beda ti Matjan nu make badju kulit embe luar alus di dje ro goreng patut omongan mani amis tapi hate njung kelik pinuh ku kadurdjanaan.

Ajeuna kula lain rek mulang tarima ku kagoreng an, lain rek ngahina, mintjulak ieu mah, rek ngawarah sipat<sup>2</sup> durdjana andika.

Njai Lesmanawati hampura engkang lain engkang tjampelak ka tuang rama, da njai oge meureun terang<sup>2</sup> kitu tjeuk gerentes hate Santana nu dipinuhan ku rasa dendam hajang males ka Barada, ret kana Kudjang, kop ditjokot hatena mah beuki ngagedur kaduruk ku napsu,

Tapi aing teu bisa sologoto sabab aing tjan njaho kana kalemahan Barada, djadi lamun aing djol kaluar teh tangtu aing nu tjilaka, da ari Barada mah lain saurang, emh euweuh deui djalan iwal ti kudu diti pu, aing kudu tjitjing didieu, bari kudu api<sup>2</sup> paeh tangtu engke ku maranehna aing teh dipariksa, tah didinja aing ngalawan keun Kudjang mah ku aing rek disumputkeun supaja teu karebut ku si Barada wah hajang njaho nepi ka mana kadigdajaan maranehanana teh.



Kitu tjeuk Santana bari terus Kudjang teh di asupkeun kana djeroeun tjalana, geus kitu brak<sup>2</sup> medja teh dibalikeun, ngahadja, di djero kamar teh sina pabalatak, nja kitu deui getih hideung nu ting bajabah teh di antep teu di pitjeun, malah pakean oge ting galoler di handap.

..Tah tangtu kieu mah disangka urut sakaratna aing, emh awas Barada.. andika kudu tanggung dja— wab kana kalakuan andika, geura tarima kumaha wa walesna, naon hasilna nu bakal katarima ku andika.

Geus kitu mah Santana terus ngagoler di handap manehna nangkuban njinghareup kana panto, ngahadja kitu ambéh babari lamun ngagerakeun awak gam— pang njalametkeun diri mun ku Barada rek dibinasa,

— ooOoo —



## BAGIAN XXI

Ku ngadengena sora ribut di djero kamar Santana oge, Barada geus njerengeh seuri bungah sabab tjeuk sangkaanana sora ribut teh tina gara<sup>2</sup> Santana keur sakarat, atuh manehna ngetejep ngadeukeutan terus noong tina tjelah<sup>2</sup> bilik.

Breh katempo Santana keur adug songkol teu li la terus ngalempreh teu empes<sup>2</sup> nempo kitu teh Barada beuki jakin wae jen Santana teh geus paeh saeutik oge teu boga tjuriga, mun Santana papaehan teh da di djero kamar teh sakitu awut<sup>2</sup>anana katambah getih ting bajabah, musthil tjenah mun Santana bisa hirup keneh teh.

Lila Barada ngadjanteng di dinja rek asup masih keneh asa<sup>2</sup>, sieun Santana hudang deui, kakara saeng geus tetela Santana teu usik<sup>2</sup> hatena djadi wani tjetrek panto dibuka sup kadjero panona terus neu teup ka Santana nu keur nangkuban teu usik teu ma lik.

„Hahaha geus modar meureun nja ajeuna mah emh teu sabaraha kadigdjaan maneh teh? hahaha ajeuna aing djadi djelema djago djadi djelema nu pangsak tina di kolong djagat ieu.



Saha djelemana nu ajeuna wani ngalawan ka aing? kabeh oge tangtu sarjeuneun, da moal aja nu bisa ngelehkeun ka ampuhanana Pusaka Padjadjaran. ha hahaha ajeuna aing geus hasil bisa modaran si Santana, tapi kumaha jeuh tjarana sangkan euweuh nu njahoeun kana kalakuan aing?" tjeuk Barada terus ngahuleng, mikir<sup>2</sup> pi akaleun dina ngaleungitkeun sagala nu geus di pigawena, leng uleng teu lila njeh seuri sorangan.

„Bangkena ku aing kudu di pitjeun ajeuna keneh, ambeh urang dieu euweuh nu njahoeun kana ieu ka djadian keur aing rek nitah si Ursip djeung si Ondo" tjeuk Barada deui kolojong kaluar rek ngage roan Ursip djeung Ondo.

Ari Ursip djeung Ondo teh njaeta muridna nu ka itung nomer wahid, pinter maenpona, tjukup di na elmu panemuna ngan duanana sarua djelema djahat tukang babadog tukang rarampog, sipatna kasar euweuh pisan rasa kamanusiaan, dina pergaulan oge babarian teu pajaan teu kaop kasigung saeutik, sok terus napsu lamun geus ambek kawas banteng bajaran teu njaho awewe teu njaho lalaki ku maneh na mah di siksa wae.

Ku sipatna kitu teh teu mustahil lamun Ondo djeung Ursip di pikangewa di pikasieun ku urang dinji, kamo ku awewe, mah sabab Ondo djeung Ursip sok resep ngaganggu kana kahormatan awswe dolog pisan ari kanu geulis mah.



Maranehna teu bogaeun pamadjikan, hirupna resep bubudjangan, ambéh bebas madjarkeun téh ha-jang awewe mah tinggal newak, di etjer di djalan oge tjenah teu matak djadi halangan.

Ari imahna padaukeut djeung imah Barada, atuh Barada teu kudu tjape ngageroan, teu lila oge Ursip djeung Ondo geus datang njampeurkeun.

„Djuragan guru, abdi Ondo sareng Ursip siap nam-pi tugas ti salira gamparan” tjeuk Ondo bari reng-kuh hormat gek darluk hareupeun Barada ngeluk tungkul abong ka guru.

„Sjukur<sup>2</sup> maraneh buru<sup>2</sup> njampeurkeun, puguh de-wék téh aja perlu rek nitah ka maraneh, tjeuk Bara-da semu nu atoheun pisan.

„Sumuhun mangga bade miwarang naon djuragan guru téh?” tjeuk Ursip.

„Panganteurkeun bangke euji!

„Bangke naon djuragan guru?

„Bangke djelema!”

„Djalmi? saha nu maot djuragan guru? naha ngan-go bade dipitjeun, sanes di kubur ari djalmi mah?” tjeuk Ursip bari neuteup heran.

„Njaeta ieu mah paehna paeh dipaksa ku dewék di ratjun nepi ka modarna.

„Saha djuragan guru?

„Si Santana nu njemah ka dewék tea, pi-ku ma-raneh teu apal?” tjeuk Barada.

„Sumuhun terang . . nanging kunaon?”



„Oh enja tjan njaho meureun nja maraneh mah apan si Santana teh anakna si Ampal Djagat nu nga bogaan Kudjang Pusaka Padjadjaran tea, geuning a jeuna teh keur di intjer<sup>2</sup> ku para tokoh<sup>2</sup> persilatan, da puguh pada hajang kana eta Pusaka teh.

Dewek oge sarua hajang, kabeneran pisan Kudjang na teh dibawa, tah kusabab kitu, keur dewek mah katjida atohna, sabab dewek teu kudu tjape neangan nja ahirna ku dewek teh di ratjun nepi ka ajeuna si Santana teh geus modar.

Kulantaran dewek sieun ieu rusiah teh botjor ka luar, djadi dewek rek marentahkeun maraneh supaja mitjeun bangke si Santana. da lamun teu buru<sup>2</sup> di pitjeun engkena tangtu bakal kanjahoan ku djelema sedjen djeung tangtu dewek djadi intjeran djelema<sup>2</sup> nu paduh ajang kana eta Pusaka, ari kitu mah meureun dewek teh tenang moal sieun hariwang aja nu ngadatangan.

Tah kitu euj kaharti meureun ku maranehna ge, kumaha daek henteu?" tjeuk Barada gadjelaskeun.

„Kanggo abdi mah teu aja ka abotan, ulah-ukur dipiwarang kitu, dalah kedah ngantjurkeun ieu Desa oge abdi sanggem ari kanggo kapentingan djuragan guru mah" tembal Ondo njanggupan nja kitu pisan guru djeung murid teh saruana, sarua djahat sarua ka adat<sup>2</sup>na djahat djeung nirtja abong geus djadi ka biasaan kitu gawen, atuh Barada muni ngabarakatak,



„Hahaha . . . alus<sup>2</sup>, memang da kudu nurut ari ka guru mah, eta tandana murid satia ,”

„Dupi ajeuna diman djuragan guru?”

„Itu ngadjolor keneh di kamarna”

„Dupi Kudjangna tos katjandak teu atjan?”

„Atjan tapi da sidik aja dina buntelanana piraku rek euweuh nu pentingna mah njingker keun heula bangke si Santana geura ju ka kamarna.”

Tiluanana asup ka kamar kasampak Santana masih keneh ngagoler nangkuban dina urutna tadi! te tep angger teu usik teu malik.

„Mani barau kieu getih naon ieu teh djuragan gu ku?” tjeuk Ursip bari mengkeek irungna.

„Apan urut utah andjingna di ratjun kitu atuh euj ujuhan teu budal djeung peudjitna oge tah ieu parabot nepi ka pabalatak kieu teh dipake sakarat na!” tembal Barada.

„Djanten maksud djuragan guru teh di pitjeun kumaha?” tjeuk Ondo hajang djelas;

„Pokona mah bangkena teh ulah aja didieu pitjeun kanu djauh ambek ka urang euweuh nu tjurigaeun atawa palidkeun alusna mah euj” tjeuk Barada ni tah malidkeun ka walungan.

„Kabeneran walunganana oge keur tjaah leres djuragan guru sae dipalidkeun wae.”

„Heueuh tapi kade euj mawana kudu ati<sup>2</sup> sabab bisi aja nu nganjahokeun” tjeuk Barada boga ari ka sieun mah.



„Dupi neng Lasmanawati kumaha parantos uninga eunteu atjan?" tjeuk Ursip nanjakeun Lesmanawati.

„Nja eta mang meunangkeun ka si Santana, karepna mah dewek teh ulah maehan si Santana, tapi keun wae silaing mah ulah hariwang, ajeuna oge si njai di kerem di djero kamar".

„Sumuhun urang palidkeun wa atuh djuragan guru supados bangkena teu ka pendak ku batur" tjeuk Ondo bari ngadeukeutan Santana.

„Heueuh sok buru<sup>2</sup> ulah ngalobakeun omong panggul we sakali sewang, ngan kade we di djalana euj!" tjeuk Barada siga nu teu sabar,

Regejeng Santana di pangku terus di panggul ku Ursip, di kitukeun teh Santana teu usik<sup>2</sup> siga nu enja we anu geus paeh padahal ari dina djero hatena mah njerengh seuri sorangan.

„Kade euj di djalana, ka kebon we euj ambeh aman mah" tjeuk Barada deui

„Mangga djuragan guru" tembal Ondo, djut dua nana kaluar! terus leumpang ka kebon ari Barada seuri bungah, gura gero ka djero deui maksud rek njokot Kudjang santana.

„Hahaha dasar sial euj keur ngeunah sare aji we tugas teh" tjeuk Ursip geus di djalan mah kukulu tus ambek djadi tunduh djaba beurat mamanggul awak Santana nu sakitu gedana.

„Keun wae atuh euj na silaing teh makruh teu ing " tempas Ondo njerengh seuri nempokeun Ursip ripuh pepelengkingan teh.



„Silaing ngeunah Do, dewek we ripuh sorangan sok gantian euj panggul jeuh ku silaing!”

„Ke heula atuh euj mani sisirikan pisan silaing mah sok teruskeun ke dewek mah bagean ngabalang keunana” tjeuk Ondo.

„Tjape euj! da beurat atuh ieu teh ti imah keneh dewek nu manggul ari maneh ngeunah ngagandeu ang asana teh litjik pisan euj”.

„Hah loba omong teuing atuh euj sok? we lah kagok saeutik deui” tjeuk Ondo.

„Engke atuh nja mun geus nepi ka lebak ku maneh gantian tjape teuing euj dewek mah tendjo ke sang mani ngoprot kieu”.

„Biasana atuh digawe mah da kudu tjape mun kitu tjara dewek hehehehe . . .”

„Tapi duit buruhna dewek nu panggedena euj sa bab gawena oge dewek nu pang tjapena” tjeuk Ursip.

„Teu bisa . . .” tjeuk Ondo nempas .

„Naha make djeung teu bisa sagala? dewek nu tjape dewek nu ripuh, ari hasilna kudu dibagi dua ke heula” tjeuk Ursip njereng.

„Sarua euj dewek oge ripuh, sabab kudu ngadja ga ngawaskeun djelema nu nganjahoankeun ka urang da lamun teu di djaga mah tadi oge urang teh geus kapergo ku batur” tempas Ondo.

„Heueuh, tapi teu tjape tjoba dewek mani sakieu hah heh hohna ngaluarkeun tanaga sok atuh pili gen ti, dewek nu ngawaskeun silaing nu manggul”.



„Heug! tapi ke heula saeutik deui, ke mun geus nepi kana tangkal kai itu”.

„Litjik maneh mah Do, hajang senangna wungkul” tjeuk Ursip kukulutus.

Ursip kapaksa ripuh sorangan, ret deui ret deui kahareup, tina ku geus teu sabar, hajang geura datang ka walungan, hajang geura gudjubar wae majid keun Santana, ari Santana mah njerengeh wae seuri sorangan bari siap<sup>2</sup> rek ngajakeun serangan ka On-do djeung ka Ursip . . .

Kumaha atuh ahirna? kumaha sikap Les manawati barang njaho Santana geus paeh teh? naha wanieun ngalawan ka bapana sorangan? naha enja Santana teh bakal binasa?, saha nu bakal bela ka Santana? sumangga antos wae medalna djilid anu ka dalapan.

## HANTJA



